



Ndamukiza 2023

*kirundi*

# Izigire ubuzima!

**Jewe ndi inzira, ukuri n'ubuzima.**

(Johani 14,6)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

Bakunzi ba go4peace,

Izigire ubuzima! Akira ubuzima bwawe, iyo ngabire y'agatangaza, imbonekarimwe, intabonwa wagabiwe. Si wewe waburondeye. Wagiye usanga umusi uri izina ufise izina, uraheza urategera ko uri umuntu wisa kw'isi yose, kandi ko ubwo buzima wabuhawe, none ubwirizwa kubuhinduramwo ikintu gihambaye. Kumbure woba waranubuye ko Imana iri ku nzira yawe, we atubwira ati : jewe ndi inzira, ukuri n'ubuzima. None bigenda gute iyo wumva inzira ikugumiye, iyo ubuze aho uhera nk'abandi, canke iyo kumbure hari vyinshi vyasambutse ,bigaheza bikakugora kwizigira ubuzima?

Muri Afrika hari inkuru batera yerekeye akagazi gatoyi kakuriye kumwe n'ibindi bigazi vyinshi ku nkengera y'ikiyaga. Umurinzi wavyo araheza araza asiga kuri ko umuzigo w'ibuye riremereye aca arigira. Ako kagazi karagerageza n'inguvu zako zose kuryikurako. Kagerageza kwibohora ngo karabe ko kokura nk'ibindi bigazi. Ariko ntikabishoboye. Niko guca kitwararika gukuza imizi kayishitsa kure musu, kugira ngo gashobore gutwara uyo muzigo. Karahavuye kiga kubaho gafise uyo muzigo nyene. Hageze igihe c'agatasi, igihe haza umuyaga ukaze, ibigazi vyinshi vyararandutse imizi. Ariko ako kagazi kashinze imizi kure, kararokotse.

Ibintu biremereye ntivyoroza kuvyikurako. Iyo ndwano yogugutsinda. Heza rero wakire uyo „mutwaro“ nk'ubutumire bwo kubaho. Iyakire mu buzima. Gerageza „kubumbambatira“ uheze wubakireko ibigufasha kubaho. Iyo bifate nk'ibigutambutsa, bigufasha gutaruka usimba hejuru, ngo ushobore gufata nkama ikinyegezwa c'ubuzima bwawe.

Igihe nari nkiri muto, sinari noroshe. Kenshi naramaramara jewe ubwanje. Hagera igihe rero natanguye gukerebuka, ndaha insiguro ubuzima bwanje. Ubu ndategera ingene ivyo vyamfashije guha insiguro ubuzima bwanje. Birakenewe cane, kugerageza kuba umushakashatsi w'ubuzima : **Izigire ubuzima!**

Kubwa go4peace Team

Meinolf Wacker